

WÒCH NAN SOLÈY



Carrié Paultre

WÒCH NAN SOLÈY

Carrié Paultre

Revizyon tèks la:

Bryant C. Freeman

Jim D. Ross



**Enstiti Etid Ayisyen
Inivèsite Kannzas**

**La Presse Evangélique
Port-au-Prince, Haïti**

2000

Copyright © 2000
by Carrié Paultre

**Mount Oread Bookshop
University of Kansas
Lawrence, Kansas 66045
(Tel.: 785-864-4431)**

**La Presse Evangélique
(Boîte Postale 458)
27, boulevard Harry Truman
Port-au-Prince
(Tel.: 222-4045)**

K R I K - K R A K

Depi frè Carrié te fin rakonte nou istwa *TONTON LIBEN* nan lanne 1976, depi lè sa a nou pa tande vwa l menm. Men sa pa vle di moun yo bliye l non. Se chak jou timoun yo ap pichkannen l pou l rakonte yo yon lòt ti istwa.

Jòdi a, li resi ap fè yo kontan. Se sa k fè n ap mande tout moun pou yo rete tou dousman, san pale pou yo sa koute:

W Ò C H N A N S O L È Y

Chapit 1

Siklòn David te fèk ap mache sou kat (4) mwa depi l te fin krabinen tout bagay nèt andeyò a. Se vre, moun gouvènman yo te fè sa yo te kapab pou manyè soulaje mizè pèp la. Men, se pa tout moun ki te rive jwenn yon lasistans. Se konsa Melani pa t jwenn pèsonn moun pou lonje men ba li. Se nan bouch zanmi li tande rakonte kalite bon bagay yo te fè kado nan lari a. Pou di laverite, se pa t fòt pèsonn, paske jou yo te vini nan katye bò lakay li a, li te kouche plat atè ak yon lafyèv.

Se sa k fè, jou vennsenk (25) desanm sa a, malerèz la leve san senk (5) kòb nan kay la. Dènye ti grenn patat li te genyen an, li te boukannen l depi nan dimanch swa. Pou l te ka pase jwenn lendi a, se detwa grenn gwo sèl li te mete anba lang li.

Pandan l kouche ap kalkile pou l konn kijan l ap fè pase jounen an, konsa l tande klòch legliz ap sonnen. Lè sa a li pantan, epi l di konsa: «O! O! Apa klòch ap sonnen! Se vre, jòdi a se fèt Nwèl! Pa pito m fè yon pase devan legliz la pou m wè si Bondye p ap voye kichòy ban mwen?»

Se konsa Melani souke kò l. Li pase karako l, li mete sapat li nan pye l, li mare tèt li ak yon foula. Li kenbe yon djola nan men l epi l derape pou lavil Okay.

Lè l rive devan legliz la, li wè moun ap antre, moun ap sòti. Li kanpe. Konsa li wè yon otomobil vin rete devan pòtay la. Gen twa (3) jenn gason ak twa (3) jenn fi desann sòti nan oto a. Ti madmwazèl yo bèl tankou ti zanj ki sòti nan syèl. Gen youn ladan yo menm ki tèlman bèl, se vòlè ou santi ou ta vòlè pitit la. Ti ren l sere tankou ren gèp, li gen yon bèl rad wouj ak yon mouchwa menm koulè a mare tèt li. Po l swa tankou po kayimit. Lè l ri, jansiv li vyolèt. Ala bèl marabou ki gen nan peyi a!

Men, pou jan y ap plede gade laplas la, genlè se pa moun isit yo ye. Apre yo fin vizite andedan legliz la, yo tout vin rasanble anfas la, bò kote Melani te kanpe a.

Lè sa a, gen youn nan jenn gason yo ki t al achte yon pòch sigarèt nan bak yon machann. Lè l parèt, li di timoun yo konsa: «Pou jan nou byen la a, kite m pran yon pòtre pou nou.»

Se konsa li mande Melani pou l eskize kò l ti kras. Epi lamenm, li pran kodak li epi l fè pòtre a.

Melani menm te rale kò l sou kote pou ba yo plas. Lè pòtre a fin fèt, tout moun gaye ploton; bèl ti madmwazèl abiye an wouj la vin pase tou kole ak Melani a. Lè sa a Melani di l tou dousman: «Madmwazèl! Ban m yon ti kichòy la a non, souple!»

Mezanmi! Pitit la eklate yon sèl eklate sou malerèz la. Li reponn li byen fò: «Gade lè ou non! Pase pou ou chache yon travay lou pou ou fè, ou pito vin chita ap mande charite devan legliz la. Pouki gad pa arete moun sa yo?»

Lè Melani konprann tout bon se avèk li madmwazèl la t ap pale, se pa ti wont malerèz la wont. Li pa konn ki pye pou l mete devan, ki pye pou l mete dèyè pou l chache yon kote pou l kache.

Te gen yon jenn gason ki te chita sou yon ban anwo laplas ki devan legliz la. Se devan l tout bagay te pase. Lè l wè Melani ap siye dlo nan je l, li di l konsa: «Madanm! Sa ou bezwen kriye konsa, men m gen yon monnen la a, vin pran kichòy pou ou achte biswit. Ou pa bezwen okipe moun sa yo: se wòch nan dlo yo ye, yo pa konn doulè wòch nan solèy.»

Se konsa, Melani pran ven (20) kòb nan men jennonm lan, li achte kat (4) biswit epi l vin chita sou bò ban an. Pandan l ap kase ti moso biswit yo mete nan bouch li, li konmanse rakonte mizè l.

Chapit 2

Melani di: «Pitit o, sa ou di a se vre wi: Wòch nan dlo pa konn doulè wòch nan solèy. Jòdi a m pa gen senk (5) kòb pou m manje. Men, te gen yon lè, se pa konsa m te ye non. M te gen gwo kòmès fritay, diri ak pwa, mayi moulen, vyann. Men, sitirasyon lavi fè tout bagay pase nèt, epi kon di pwovèb la: Mapou tonbe, kabrit manje fèy li.»

Lè sa a, jennonm lan di l konsa: «Bon lamè, ou te gen tout trafik sa a nan men ou, kijan ou fè desann kon sa?»

Melani reponn: «Adye, pitit mwen! Ti kochon di manman: kijan bouch ou fè long konsa? Manman reponn li: Apa vini ou ap vini!»

«Kounyeya, ou wè m konsa a, m pa granmoun non! Se mizè ki mete m atè. Manman m di se sou reny Bòno m fèt. Lè prezidan Vensan ap moute sou pouvwa, m te gwo timoun. Lè sa a m te konn vin chache rad ak manman m lavil la. Manman m te konn lave rad pou anpil gwo moun. Chak samdi, manman sele bourik li epi l pote rad vin renmèt nan gran kay yo. Lè sa a, depi lakay li mete lo rad chak moun apa. Rive l rive, metrès kay fè kontwòl, yo peye l lajan ki vin pou li. Sa depann kantite rad la. Swa se de (2) osinon twa (3) pyas li touche. Lè sa a

bagay pa t chè konsa non. Se ven (20) kòb yo te bay manman m pou chak moso rad. Lè l fin renmèt lesiv li te gen nan men l, yo kontwole rad sal l ap pote al lave pou senmenn k ap vini.»

«M te renmen pote lesiv vin lavil. Konsa, si manman te gen twa (3) osinon kat (4) kay pou l bay lesiv, sa te penmèt li fè yon bon kraze pou senmenn lan. Epi lè l ap tounen lakay, li pase nan mache fè pwovizyon. Lè sa a, mwen menm, mwen kanpe bò kote l mare bourik la pou m ka veye chaj rad la. Konsa manman menm fè ti vire tounen l.»

«Paske, se pa lesiv la ase manman te konn fè. Lè papa te fè kèk ti danre nan jaden, se manman ki te konn vann yo. O! O! Lè m te piti, papa m te konn travay yon kawo tè nan tè grandèt yo te anfèmen nan men yon gwo zotobre lavil la. Lè sa a, papa te fè tout kalite rekòt: patat, bannann, pwa, mayi, pitimi. Anwo tè a te gen tout kalite pyebwa ki te konn bay bon donn: mango, zaboka, kokoye, kachiman.»

Jennonm lan di: «Bon lamè, poukisa nou pa travay tè yo ankò?»

«Sa ou ap di la a! Se jòdi mèt tè yo te reprann tout tè. Kite m di ou, se pandan gwo lagè a nou sòti sou tè a. Lè sa a, m te gentan fè zafè ak Dyelifèt, m te gen twa (3) pitit.»

Jennonm lan di l: «Atò, poukisa yo te pran tè yo nan men nou?»

«Enben! Se te lagè, gwo peyi yo te bezwen tè a pou plante kòn kabrit. Yo di kòn kabrit la bay yon lèt blanch ki kapab fè kawòtchou. Se konsa, yo pran tè yo nan men nou epi yo rache mezi pyebwa ki te anwo l pou plante kawòtchou.»

Jennonm lan di l: «Bon. Ou genlè pa gen fanmi? Kot frè ou, sè ou, pitit ou ak mari ou?»

«Adye pitit! Si m ta pran pou m rakonte ou tout move pa m pase nan lavi, jounen an ap pase m p ap kò fini.»

«Manman m ak papa m te gen sèt (7) pitit: kat (4) ti gason ak twa (3) ti fi. Se mwen menm ki te pi gran nan ti fi yo. Se sa k fè yo pa janm voye m lekòl. M te rete lakay ap fè gadò. Epiou, se mwen menm ki te konn al larivyè pou lave rad ak manman.»

Chapit 3

«Jou sa a, m te ale larivyè pou kont mwen paske manman m te kouche ak yon lafyèv epi tèt fèmal. Se pa moun ki te malad fasil non. Men sa ki rive: li te pran yon nouvèl nan dènye fwa li t al lavil la; li te gen yon tèt fèmal ki refize pase. Sa k rive, li te gen yon frè yo rele Merilis ki t al koupe kann nan Panyòl. Frè a te pwomèt li lè l tounen l ap prete l yon lajan pou l moute yon kòmès. Sa fè se pa ti tann non malerèz la t ap tann frè a. Men sa k rive: li pran nouvèl yo ansasinen frè a nan Panyòl epi yo pran mezi lajan li te fè pou lanne a. Men lè sa a, pitit, se pa tonton mwen an ase non yo te ansasinen, se mezi nèg ki te al koupe kann lanne sa a, yo tout te pèdi lavi yo. Anpil moun di se gouvènman laba ki te fè touye yo. Konsa, tandè manman m tandè nouvèl la, li gen yon lafyèv frison ak yon maltèt ki pa janm kite l. Se sa k fè mwen te ale lave pou kont mwen.»

«Lè m te fèk rive, te gen anpil lòt lavandyèz sou bò dlo a. Men chak fwa youn fin lave, li pati al fè wout li. Konsa konsa, mwen rete pou kont mwen bò dlo a. Lè m voye je m epi m pa wè chat, m vin gen yon kè kase pran m. Lamem, m ranmase dènye rad ki te blayi, m mete yo nan gwo ganmèl la. Lòt rad ki te mouye yo, m mete yo nan ti ganmèl la, epi m poze l anwo gwo a. Lè m fin fè twalèt mwen, rive pou chaje de (2) ganmèl yo, m pa kapab pou kont mwen.

Lè sa a m di: papa Bondye m, voye yon bon pwochen vin ban m men chaje rad yo non...»

«M poko fin fèmen bouch mwen, konsa m wè Dyelifèt bò larivyè a vin bay zannimo dlo. Pandan bèt yo ap kouri al bwè nan kouran, li menm, li mache dirèk vin jwenn mwen. Li voye je gade ganmèl yo epi l di: Melani o... Kilè Bondye ap penmèt mwen wete ou anba ganmèl rad sa a?»

«Lamenm, kè m pran bat bip bip epi lapawòl mwen koupe, m pa konn sa pou m reponn.»

«Dyelifèt vin plante devan m lan epi l kontinye pale, li di m: Melani, se pa jòdi a non m anvi pale avèk ou. Èske ou chonje jou mwen te sangle bourik la pou ou sou chemen an? Depi jou sa a kè kase pou ou. Men sa k fè m pa t di ou anyen, se paske m konnen moun ou yo t ap di ou twò piti. Men kounyeya si ou vle, m ap fè lademann pou ou. Ou pa wè yon gwo kay de (2) chanm m ap bati nan lakou grann mwen an? Se pou ou wi m bati l. Sa ou di nan sa?»

«Lè sa a, m leve je gade l epi m reponn li: Dyelifèt chè... Se pou ou pale ak manman m, depi l dakò, m dakò tou.»

«Se konsa, anvan lanne a fin pase, m te nan kay ak Dyelifèt; lè sa a m te fèk gen disètan. Dyelifèt pa t move gason, li te renmen m anpil, li te fè m konfyans

nan tout bagay. Se mwen menm ki te vann danre l nan mache. Lè l ap fè konbit, se sou kont mwen tout bagay te ye.»

«Li te pi granmoun pase m. Se pa mwen menm ki te premye fanm li. Anvan l te pran m, li te gen yon fanm lòt bò larivyè. Men fanmi l yo pa t vle wè fanm sa a. Konsa, lè nou vin nan kay ansanm, li te vin kite lòt fanm lan.»

«Lè sa a, si m ta di ou jan m te byen, ou ta di m se manti. Tout fanmi mari m te renmen m. Kay manman m te toupre ak lakay mwen.»

«Se lè pitit konmanse tonbe sou mwen wi, m konmanse gen tèt chaje. Lè sa a, chak fwa m sevre yon pitit, m vin ansent yon lòt. Pou di laverite, depi m antre nan kay ak nèg la, m pa janm wè règ mwen. Konsa konsa, premye ti fi a gen nèvan anvan sa nou te gentan sou senk (5) timoun.»

Chapit 4

«Lè m te fèk antre nan kay ak Dyelifèt, nou pa t gen okenn tèt chaje. Tout bagay te mache byen. M te ba l yon ti non wi, se konpè Dye m te rele l. Ou konnen li te pi gran pase mwen, sa te jennen m pou m te rele l konpè Dyelifèt.»

«Se nèg ki te vanyan wi: li te kondi de (2) jaden. Youn te fèt sou tè fanmi l yo nan mòn. Se jaden sa a ki te konn bay anpil yanm, pwa ak legim. Lòt jaden an menm te nan basrak la. Se nan men papa m li te pran moso tè sa a. Lè m vin ansent premye pitit mwen, papa m bay konpè Dye moso tè ki te nan men tonton mwen ki te ale nan Panyòl la. Se jaden sa a ki te konn bay mayi, pitimi, bannann ak kann.»

«Lè ou tande konpè Dye ap antre sòti nan jaden vin lakay, se bèl bagay. Lèkonsa li prete dènye zannimo nan katye a epi l fè jounen ap travay. Mwen menm, m rete anba tonnèl la, m ap mare mayi pou mete nan lyann, fè bat pwa ak pitimi pou mete sou galata.»

«M patko gen yon lanne depi m te avèk konpè Dye, m fè premye pitit mwen. Nan tan sa a moun pa t konn ale lopital non pou akouche. Se lakay moun te fè pitit. Bondye fè konpè Dye te gen yon gran sè l ki te fanmsaj. Se li menm ki fè m akouche toulesenk

(5) pitit mwen yo. Depi m te rive sou sis (6) mwa, li konmanse fè m swiv trètman. Chak jou li fè m yon gwo bonm tizann kalalou epi mwen bwè l tout lajounen. Konsa lè m rive sou dat la, pitit la glise sòti nan vant mwen san pwoblèm.»

Lè Melani wè jennonm lan ap ri, li di: «Apa ou ri? Se vre wi, ou konn kalalou se bagay ki glise, li ede moun akouche vit. Se pa ti kras bèl pitit la bèl. Ti kò l won, ti bouch li tou vyolèt epi l ap rele plen kay la. Konpè Dye di se pou m rele l menm non avè m. Se sa k fè m te rele l Ti Meme.»

«M pa menm gentan wè règ mwen, lamem m vin fè yon dezyèm pitit. Se yon ti gason li te ye. Pitit sa a fèt jou prezidan Lesko moute sou pouvwa. Se pi bon pitit mwen te fè, li te renmen m anpil. Nou te rele l Oradye.»

«Si m chonje byen, se lè Oradye pral sevre, se lè sa a mèt tè yo vin reprann tè yo nan men nou.»

«Pitit o, 'Lavi malere se mistè.' Se pa ti kras lobop non ki te gen lè sa a. Pa gen savon pou lave, pa gen lwil pou fè manje, pa gen twal ak fil pou koud rad. Kamyon pa vwayaje, paske yo di gen lagè nan peyi etranje; konsa bato pa vin pote okenn machandiz. Sa fè tou okenn danre pa fè pri nan mache.»

«Lè pou n lave rad, se lyann savon ak ekòs gayak

nou kraze nan yon ganmèl, nou fwote rad yo epi nou bat yo ak batwèl. Kanta pou farin frans, nou te bliye sa nèt, nou pase konbe tan bouch nou pa janm kontre ak biswit. Se kasav ase tout moun te manje. Menm moun lavil k ap plede fè grandizè yo, se sou kasav yo te geri bosko yo. Lè sa a nan tout restoran, nan tout ti boutik, se 'wayal èfòs' ki te pale.»

Jennonm lan di: «Bon lamè, sa k 'wayal èfòs' la?»

Melani reponn: «Se yon kalite gwo sandwich ki te fèt ak kasav. Yo pran de (2) moso kasav, yo kouche manba sou yon bò, yo rache kreson, tomat ak leti mete sou manba a. Yo mete yon sòs pikliz ki fèt ak piman bouk sou leti a. Apre sa, yo pran lòt moso kasav la, yo poze l anwo. Lèfini yo pran yon dlo sale yo mekte l pou fè l mou. Se pa ti gou sandwich sa a te gou.»

«Bondye fè tè eritaj kote konpè Dye te fè jaden an, se nan mòn li te ye. Konsa lè yo renmèt tè basrak yo, nou te moute al rete nan mòn. Konpè Dye ou tandè m ap pale ou la a, se gason tout bon wi. De (2) men l rele l pa l. Kon yo ban nou delè pou n renmèt tè yo, li moute nan mòn lan, li koupe bwa, li sanble pay epi trapde li moute yon jenn kay twa (3) pyès pou mwen. Kou kay la pare, nou pa kite yo vin choute nou, paske m te deja ansent gwo vant ap tann twazyèm pitit mwen.»

Chapit 5

«Kou m antre nan kay nèf la, konsa m vin akouche yon lòt ti gason. Li menm, se Batis li te rele. Sa te fè m twa (3) pitit, yon ti fi ak de (2) ti gason. Se depi lè sa a vre zafè konpè Dye konmanse desann. Ou konnen se jaden ki penmèt abitan viv. Depi yo te vin pran tè basrak la nan men nou, se tè mòn lan ase ki t ap bay danre. Se vre, danre te fè pri lè sa a, paske lagè ki t ap fèt nan peyi etranje a te fini. Men pitit, lè ou pa gen tè pou travay, se nouvèl pri danre pou ou pran.»

«Lè m wè jan konpè Dye bare, mwen chache degaje m. Metye ou konnen, se li pou ou fè. Se konsa, m tounen fè travay lavandyèz menm jan manman m te montre m fè. Men pou mwen menm sa pa t fasil. Kote mwen te rete a te lwen larivyè epitou m pa t lasante. Paske depi m te fin akouche Batis, m te gen yon pèdisyon ki pa t vle rete. M te blije ale nan dòktè pou jwenn lasante.»

«Konpè Dye menm te blije pati al travay byen lwen. Li te konn pase detwa senmenn san li pa mete pye lakay. Men sa te penmèt lè l vini, li te konn pote bon ti pwovizyon pou kay la. Ou konnen lè sa a peyi a te espedye fig bannann anpil, te gen anpil travay nan bwote fig pou espedye. Se la mesye te konn fè bon ti kòb. Se te yon bon ti travay wi. Chak senmenn

bato vin chache fig konpayi a te achte mete anba gwo gwo ranga a. Konsa jou pou anbake fig yo, travay la louvri. Gwo bato a rete nan mitan lanmè a. Epi gen yon pakèt ti kannòt vin pran fig la arebò waf la pote bay bato a. Konpè Dye menm te travay nan eskwad nèg ki la pou pran fig anba ranga a ale bay nan ti kannòt yo.»

Jennonm lan di: «Bon lamè... Travay sa a te peye?»

Melani reponn: «Sa ou ap di la a?... Se vre se dis (10) kòb ase yo te konn bay. Men sou lakantite ou te konn fè yon bon kraze. Si moun lan fè tout lannwit ap bwote fig, se fasil li ka fè yon karant (40) senkant (50) goud.»

«Si se te kounyeya, m pa ta gen tout tèt chaje sa a. Apre Batis, twazyèm pitit mwen an, mwen ta ale lopital fè dòktè mete filaman pou mwen. Konsa m ta degaje m ak timoun yo. Men nan tan sa a pa t gen 'Planin.' Se sa k fè, kou Batis sispann tete, m vin ansent ankò.»

«Lè m wè se toutbonvre m ansent, se pa ti kras lapenn sa fè m. Depi ou wè m nan eta sa a, m pa gen lasante, m blije sispann ti travay fè lesiv la. M te konmanse aprann li nan metòd Lobak, m te prèt pou fin pase liv la. M te deja konn siyen non m, m te konn fè adisyon, soustraksyon. Men m vin malad;

m blije pa kontinye, epi se konsa m vin bliye tout bagay.»

Jennonm lan di: «Bon lamè... Ou pa voye timoun yo lekòl...?»

«M fè sa m kapab pou yo. M te mete Oradye nan lekòl leta a. Se yon bon lekòl kote ki te gen yon gwo ma drapo kanpe drèt nan mitan lakou a. Chak maten tout timoun te vin kanpe devan drapo a. Tout tan y ap moute drapo a, timoun yo menm ap bay ochan. Bondye fè Oradye te renmen lekòl anpil. Depi l derape, chak lanne li moute klas. Se sa k fè mesye te rive fò jouk tan lè l fin gran, se pwofesè wi l te ye.»

«Men se pou Ti Meme nou pa janm rive fè anyen. Konpè Dye te di Ti Meme se fi, li pa bezwen al lekòl. Se sa k fè nou te kenbe l lakay pou l te ka ede m ak lòt pi piti yo. Lè tout moun pati al nan travay, se li menm ki te fè gadò nan lakou a. Ou konnen 'Ti kouto miyò pase zong.' Depi l tou piti, li konn limen dife, moute chodyè, kwit manje. Li konn al chache dlo lasous. Li fè tout ti travay kay.»

«Men ou konnen, se pa sa ou vle ou fè. Lè m vin tonbe malad, sou katriyèm pitit mwen an, m pran Ti Meme, m voye l rete ak youn nan pratik mwen yo. Lè sa a, m te kwè se yon bon bagay m te fè. Men apre sa m te vin regrèt anpil, paske pitit la te vin tounen dèyè.»

Chapit 6

«Se vre wi, m regrèt anpil dèske nou te mete Ti Meme rete lavil. Nan lavi a gen yon pwovèb ki di: ‘Si m te konnen toujou dèyè.’ Mwen menm, fanmi m yo pa t janm mete m rete lavil, men m te gen yon kouzin ki te rete lakay yon bon moun. Yo te voye l lekòl ansanm ak tout lòt timoun nan kay la. Chak dimanch maten yo te voye l legliz. Se sa k fè kouzin mwen an te vin yon gwo koutiryèz nan lavil la. Konsa, lè m wè m pa kapab fè anyen pou Ti Meme, m te mete l rete ak yon madanm ki te gen yon gwo boutik. Se li menm ki te mande m chache yon timoun pou li. M te kwè se te yon bon moun. Se jouk byen ta m vin konn nan ki mera m te pran, men lè sa a, li te twò ta. M te blije fèmen je m, fè tankou si m pa wè. Madanm lan pa janm voye Ti Meme lekòl; pase tout lajounen li ak yon bak kenkay anwo tèt li ap pwomennen vann. Men sa ou vle m fè, m te tankou yon krab zoumba nan barik kòlta.»

«Men kijan m fè vin konnen nan kisa Ti Meme te ye. Ou konn apre Batis, m te vin fè yon lòt ti fi ki te rele Sentaniz. Depi pitit sa a te fèt, li te toujou ap ban nou traka. Li te gen yon vant mennen ki pa t janm ka fini. Se konsa jou sa a, m te mennen l ale lopital pou wè si yo pa ta ba l yon ti renmèd. Epi se pandan m ap pase bò mache a, konsa m tande yon vwa ap rele: ‘Manman!... Manman!...’ Lè m fè sa

m vire epi m wè Ti Meme ap kouri dèyè m ak yon bak sou tèt li. Se lè sa a m fè l fè konesans ak ti sè l. Jou sa a se pa ti mal kè m fè m mal: m pa menm kapab fè l kado yon ti lajan.»

«Lè sa a, zafè konpè Dye pa t bon menm. Kòmès fig bannann lan te fèmen, bato pa t vin chaje ankò. Konsa konpè Dye te blije voye kò l nan yon lòt trafik.»

«Ou pa konn kisa l te konn fè, li te konn mennen bèf sòti nan plenn Okay ale nan Pòtoprens. Se pi move travay ki genyen.»

Jennonm lan di: «Sa ou ap di la, tout travay se travay.»

Melani reponn: «Pitit... O... Se pa tout travay ki menm non. Kalkile ou. Moun lan pati kite Okay Difon ak yon makòn ki gen sis (6) bèf. Yo peye l dis (10) pyas pou chak bèf. Sa fè antou swasant (60) pyas. Li gen pou l mache pandan kat (4) jou sou wout. Si l depanse twa (3) pyas chak jou pou manje, sa fè l douz (12) pyas. Apre li fin renmèt bèf yo kote pou l renmèt yo a, se pou l jwenn uit (8) pyas pou l peye kamyon tounen lakay la. Si ou gade byen, se karant (40) ase li fè pou senmenn lan. Men, pase pou chita ap grate santi, pito ou fè mawoule.»

Jennonm lan di: «Bon lamè... Poukisa yo rele yo mawoule a?»

Melani reponn: «Ou pa konn poukisa yo rele yo mawoule a? Se paske lè pou yo tounen lakay yo, yo blije chache kamyon ki mande pi bon mache. Lè sa a se kamyon ki pote machandiz ki penmèt yo moute chita anwo machandiz la pou ti kal kòb sa a. Konsa, lè kamyon an pran chòk, moun yo ki chita anlè a, yo tankou si y ap woule debò. Se sa k fè yo rele yo 'mawoule'.»

Jennonm lan di: «Bon lamè... Se vre Ti Meme pa t sou kont ou. Men m te kwè ou di Oradye ak Batis te lekòl? Bon, kijan ou fè?»

Melani reponn: «Adye pitit... 'Lavi malere se mistè.' Lè konpè Dye ap tounen sòti Pòtoprens, li toujou gen yon ti ke kòb nan men l, li pa janm tounen avèk lajan an kach. Li toujou achte yon ti machandiz pote vini, swa li achte yon ti lwil, savon, aransò, kewozin, osinon rapadou, pote vin lakay. Apre sa, mwen voye fè vwazinaj konnen machandiz mwen gen pou vann, epi mwen ranje yon bak devan pòt la. Konsa lè m vann, mwen jwenn lajan pou m depanse. Epi, m sèvi nan pwovizyon yo pou kay la. Timoun yo menm, se lè yo tounen sòti lekòl yo moute chodyè. Men le maten, yo bat bouch yo ak sa yo jwenn. Swa yo manje moso kann, yo kraze kèk fig mi, osinon moso kasav ak rapadou. Lè nou vann yon kochon gra, se lè sa a nou achte rad mete sou yo.»

Chapit 7

«Pitit mwen, lajan pa ka rete non nan kay la. Menm antre a se menm sòti a tou. Nou pa janm pa gen yon tèt chaje ki pou fè nou depanse. Sentaniz patko fini ak koze dyare a, konsa li vin tonbe nan yon koze lafyèv ki pa ka fini. Chak jou pitit la leve ak yon lafyèv. Lè m wè l ap soufri san rete, mwen blije mennen l nan lopital lamisyon. Lè m rive yo di m pitit la ap pèdi paske l pa t pran vaksen kont lafyèv tifoyid. Se konsa vre apre twa (3) senmenn pitit la mouri. Bon, nèg nan ka pi rèd. Nou pa t ka jwenn lajan pou achte medikaman, nou blije jwenn lajan pou fè antèman. Men Bondye fè men konpè Dye rele l pa l. Lamenn, li desann lavil, li achte yon gwo kès savon an bwa. Lè l ap tounen, li pase prete yon mato ak yon goyin nan men bòs Dò, epi l vin fè yon bèl sèkèy pou antere pitit la.»

«Aprè nou fin antere pitit la, nou vin pran yon souf. Nou te sèlman gen twa (3) ti gason yo pou n okipe, paske ou konnen pandan Sentaniz te malad la, m te akouche yon dènye ti gason ki te rele Ti Dye. Tout bagay te mache byen. Konpè Dye te kontinye ap rale rèd. Nan sezon lapli li te fè jaden. Men nan sezon sèk li te toujou kontinye mennen bèf sòti nan plenn Okay al vann nan Pòtoprens.»

«Mwen menm, mwen te toujou al pran rad lavil,

vin lave yo andeyò. De (2) pi gran ti gason yo, ki vle di Oradye ak Batis, te toujou kontinye al lekòl nan lekòl leta a. Ti Meme menm te toujou ap bat mizè l lakay madanm kote m te mete l rete a.»

«Dènye ti gason an menm te la ap grandi nan lakou a. Malgre li te tou piti, li te rann bon ti sèvis. Chak fwa papa l al nan jaden, li mennen li avè l. Tankou pwovèb la di: ‘Ti kouto miyò pase zong.’ Se li menm ki te konn al chache dlo pou papa a. Se li menm tou ki te konn sanble dife, boukannen patat pote bay moun ki vin ede papa l fè konbit.»

«Se sa k fè, lè rive pou voye Ti Dye lekòl, konpè Dye di non. Pase pou pitit la ale pèdi tan nan lekòl, li pito kenbe l nan fè jaden. Mwen menm, m pa t fin dakò non. Men kòm nou patko janm wè kisa timoun ki ale lekòl yo bay, nou te pito rete gade pou wè.»

«Se konsa, Ti Dye, dènye pitit nou an, pa janm ale lekòl. Men Oradye menm, premye pitit nou an, se yon nèg ki te konn sa l vle. Li pa janm pa chanje klas. Chak lanne li moute nan yon klas ki pi fò. Epi lè l rive nan klas la, se li menm ki pou toujou premye. Se tout tan li gen yon liv nan men l ap etidye. Se sa k fè, kou l desann nan egzamen sètifika, li pase san gad dèyè.»

«Lè pwofesè lekòl la wè jan Oradye bon, paske sou sèt (7) timoun ki te ale pase egzamen lavil, se

twà (3) ase wi ki te bon. Lè sa a, mesye lage tengtengdeng nan kò konpè Dye pou voye pitit la nan lise lavil.»

«Konpè Dye te dakò pou l fè sa. Li te menm plante yon jaden mayi pou sa. Tout bagay te fin pare nèt. Oradye te desann al enskri nan lise. Se dat pou lekòl louvri ase nou t ap tann.»

«Men ou pa konn sa k rive... Vin gen yon sèl siklòn ki pase, tout bagay pèdi nèt. Lè sa a, lapli fè twa (3) jou twa (3) nwit ap tonbe san rete. Dènye larivyè nan peyi a desann. Lavalas krabinen mezi jaden. Tout zannimo nan raje a mouri. Van soufle tout yon lajounen. Rive aswè, pa t gen yon kay kanpe debou. Se pa ti kras deblozay.»

«Se konsa Oradye blije chita lakay pandan tout lanne a. Se jouk lanne apre nou vin degaje nou voye l desann.»

«Men siklòn sa ou wè m ap pale ou la, se sou prezidan Pòl Maglwa li te fèt. Se pi gwo kout tan mwen wè depi m fèt.»

Chapit 8

Lè Melani fin rakonte jan siklòn Azèl te deranje plan yo, li te vle sispann pale. Men jennonm lan menm ki te anvi konn plis koze te kontinye ba l chenn. Lè l sispèk Melani vle pe bouch li, li di l konsa: «Bon. Ou pa janm te pran nouvèl pitit fi ou te mete rete lavil la?»

Melani reponn: «Adye pitit!... Lè ou tande malè konmanse pousiv yon moun, se sòti nan youn tonbe nan yon lòt.»

«Malgre madanm lan te sèvi mal ak Ti Meme, se pa ti kras bèl pitit la vini bèl. Li pa t janm pran kote m non, se ak papa l li te sanble. Li te bèl wotè menm jan ak konpè Dye. Kanta pou anfòm, li pa t manke vin anfòm. Ti tete l yo debou. Bout jarèt li yo te double. Lè pitit la ap mache, ou wè l anvi viv. Men, pwovèb la di: ‘Lè ti poul twò ge, malfini pran l’.»

«Se konsa yon bon jou nou rete lakay, epi nou wè Ti Meme ki vin jwenn nou ak de ran dlo de ran larim ap koule sou figi l. Li vin rakonte nou yo mete l deyò paske l ansent. Pou l di nou ki moun ki papa pitit la, li refize pale. Se jouk lè pitit fèt nou vin konnen se jennonm ki premye pitit gason madanm lan ki papa pitit la. Lè Ti Meme fin akouche, manman jennonm lan voye chache pitit la. Konsa Ti Meme

ret yon men devan yon men dèyè.»

«Aprè sa, manmzèl wè pa gen anyen pou fè andeyò a, li tou desann al chache travay lavil. Se konsa nan chache lavi, li vin tonbe anba yon chofè ki mete l nan kay.»

«Men ou konnen travay chofè pa bay tan pou chita. Nèg la menm tonbe ap fè jalouzi pou Ti Meme. Konsa chak fwa li antre sòti nan vwayaj, li flank Ti Meme yon je chaplèt. Lè malerèz la wè l ap pran baton pou granmèsi, li sòti al lwe kay pa l.»

«Men ou konnen, depi yon jenn fanm ap viv nan kay pou kont li, laparad lage. Se konsa Ti Meme antre an lavi jenès. Chak swa, manmzèl nan kafe ap pran plezi l. Se konsa yon jou madigra, pandan l ap sòti nan yon bal, lapli mouye l. Lamem li trape yon maladi pwatrin.»

«Nou fè sa n te kapab pou li. Nou mennen l lopital lamisyon. Yo ba l renmèd pou l bwè. Men se pa toudi bwè renmèd non. Ak kalite maladi sa a, fòk ou gen dekwa pou nourri moun lan kòrèk, si se pa sa li p ap geri. Se sa k fè apre kèk tan, Ti Meme tou mouri mouri l.»

«Pitit la menm rete nèt nan men grann li. Yo mete l lekòl, li etidye, epi l vin grannèg. Men yo pa janm kite l konnen ki moun ki te manman l. Li menm tou,

li pa janm chache konnen. Se mwen menm ki ta pou antre sou li. Men, m pa janm fè sa. Se sa k fè lè l kontre m nan lari, li pa janm konnen ki moun mwen ye.»

«Pitit o... Jan ou wè m chita la a, se pa ti kras mizè non m pase.»

«Bondye fè nan goumen goumen se yon sèl nan timoun yo ki te rive bay kichòy, se Oradye.»

«Ou konnen apre tout deblozay siklòn lan, nou te rive fè l antre nan lise. Konsa li te bat pou jouk li antre nan katriyèm osinon nan twazyèm. M pa fin twò chonje. Men sa m konnen, apre li pa t kapab kontinye, li te vin jwenn yon plas pwofesè nan yon lekòl andeyò.»

«Se lè sa a m te al jwenn li kote l te travay la. M pa t ka kite l laba a pou kont li. Konsa dènye pitit nou an, sa yo rele Ti Dye a, te rete nan kay la ak konpè Dye. Epi mwen menm m te ale okipe Oradye. Lajan l t ap touche a pa t gwo non. Men kòm mwen te la, mwen te fè lajan an travay. Ou pa konn kisa m te fè?... Lè Oradye touche, m pran lajan an, m achte lwil, gwo siwo, pistach, kokoye, bannann. Epi m chache yon kote nan lakou lekòl la, m moute yon kòmès tablèt ak fritay pou m vann ak timoun yo.»

Chapit 9

«Oradye sa ou tande la a, se pa ti kras bon pitit non. Se moun ki pa janm nan pale anpil; li pa janm foure kò l nan koze moun. Men se sa tou ki lakòz li blije kite peyi a.»

Lè jennonm lan tande sa, li di: «O! Kouman Oradye te blije pati?»

«Men wi, pitit, si Oradye pa t kraze rak kite peyi a, jòdi a li t ap gen sèt (7) pye tè anwo kòf lestonmak li. Kite m di ou sa k rive.»

«Depi nan eleksyon chèf katye a te konmanse fè move jan ak Oradye. Ou pa konn poukisa?... Se paske Oradye te derefize antre nan batay. Lè moun yo vin mande l kay lekòl la pou fè fèt pou kandida, li di non li p ap bay. Paske si pou l ta bay pou youn, fò l ta ka bay pou yon lòt tou. Konsa li pito pa bay pèsonn. Sa ou tande, nèg ki te pi cho nan fè kanpay la di konsa: ‘M wè mèt Oradye ap plede pran pòz li p ap antre nan batay. Ala m konnen se bon pou m bon. Men jou sa a, se pou l pran rak’.»

«Abye pitit mwen... Ou konnen li bon vre. Epi depi ou tande a, li lage de gidon nan siyay malere a. Chak jou li fè rapò lavil fè konnen Oradye se move je: li p ap mache ak gouvènman. Se konsa, yo te vin

ap fete dat eleksyon te fèt. Yo te voye kamyon vin ranmase moun pou mennen al fete Pòtoprens. Lè Oradye tande sa, li pa fè ni de ni twa, pase jou fèt la li tou demake al kache bò larivyè a. Men gen kèk moun ki te wè l chita ap li yon liv anba pye sikren an. Se konsa yo kouri fè rapò bay chèf yo pou fè konnen Oradye se kamoken. Lamenm chèf yo di kou fèt la fin pase, y ap voye arete Oradye.»

«Bondye fè, se yon jennonm ki pa janm fè moun mal, se sa k fè nan aswè, gen yon nèg pa l ki vin di l: ‘Oradye monchè, m pa ka kite ou nan fènwa. Men dapre sa m tande, yo sanlè vin arete ou’.»

«Adye pitit! ‘Evite miyò pase mande padon.’ Lamenm, nan mitan lannwit la, Oradye kraze rak. Konsa lè chèf yo voye chache l, li te deja nan kache. Men ou konnen, nouvèl pa janm chita kote l te ye a, yo vin fè l rapò. Se sa k fè depi l tande se toutbonvre y ap chache l, lè sa a li foure pye l pi fon. Se pa ti mizè malere a pase non. Mwen menm pou kont pa m, se apre dezan mwen vin konnen kote li ye.»

«Pitit o... M te mèt di ou, ou p ap ka konprann kalite tray m pase. Pati Oradye pati, m lage pou kont mwen nan lakou lekòl la. Lè m wè dènye ti lajan kòmès fritay fin pase nèt, m ranmase driv mwen, m tounen al lakay.»

Jennonm lan di l: «Bon lamè, ou pa di m non ki

kote Oradye ale?»

Melani reponn: «Enben... Oradye fè tankou tout jenn gason ki pa ka pran pye nan peyi a fè. Li tou chape kò l. Bondye fè li Miyami. Mwen gen lontan depi m pran nouvèl li. Ou konnen, se pa tout tan li jwenn travay. Dèske papyè l pa an règ, se nan kache li ye. Dènye fwa li te ekri m, li te voye ven (20) dola nan anvlòp la. Men pi souvan ou resevwa lèt la san okenn lajan. M pa konn si se vòlè yo vòlè l.»

Jennonm lan di l: «Bon lamè, sa k fè ou pa al jwenn konpè Dye ansanm ak dènye pitit gason ou a?»

«Sa ou ap di la a, Ti Dye ap kouri sou dezan depi l disparèt, nou pa konn si l mouri osinon si l ap viv. Dènye jennonm lan te pati al koupe kann nan Panyòl, m pa janm tande nouvèl li.»

«Batis menm pa t renmen lekòl tankou Oradye non. Se sa k fè nou te blije voye l nan metye. Li t ap aprann ak yon bòs mason ki te konn moute chodyè pou kwit siwo. Yon jou, bòs la pati avè l pou al fè yon travay jouk nan plenn Lakaye. Depi lè sa a, li pa janm mete pye kote m ye.»

«Pou konpè Dye menm ou pa konn sa k rive?...»

«M te deja rakonte ou kijan l te viv. Se mawoule

li te ye, li te konn mennen bèf sòti nan Sid al nan Pòtoprens. Se konsa yon jou, nan kondi bèf sou wout, yon kamyon ki te pèdi fren nan mòn Tapyon vin frape l. Lè yo wè pye l kase, yo te mennen l Lopital Pòtoprens.»

Chapit 10

Lè jennonm lan wè Melani vle pe bouch li, li di l: «Bon Melani! Jan ou pale la a, tout moun ou yo fin degrennen nèt?»

Melani reponn: «Adye pitit! Si m pa di yon moun, li p ap konnen. Se mwen pou kont mwen ki kanpe la a. M pa gen mari, m pa gen pitit. Bagay ki pi rèd, kè m pa poze, m pa gen dòmi lannwit. Se tout tan m ap kalkile.»

Jennonm lan di: «Bon, sa ou ap kalkile konsa?»

«Enben! Lè yon moun kapab di, men kote entèl antere, se yon benediksyon Bondye. Se vre sa fè lapenn lè moun lan fèk mouri, men apre kèk tan ou reziyen ou, paske ou konnen ki kote ou te depoze kadav li. Men si se pèdi moun lan pèdi, ou toujou mete nan lide ou, fòk yon jou li parèt. Se sa k rive m ak konpè Dye. M pa janm konnen nan ki simityè yo antere l. Nitou m pa menm ka di ou si l te mouri toutbonvre.»

«Ou pa konn sa k genyen, men koze a. Lè m resevwa nouvèl kamyon frape konpè Dye nan mòn Tapyon, epi se nan Pòtoprens yo mennen l, kè m kase. Lamenn, m degaje m antre lavil la. Lè m rive lopital la, m chache nan tout chanm yo, m pa janm jwenn

tras konpè Dye. M ale nan mòg, kote yo mete moun mouri yo nan glas. Rive la, m wè tout kalite kadav. Ti bebe, timoun, granmoun, vye granmoun, men m pa janm jwenn kadav konpè Dye. Ala fòk mwen di ou, m pa t vwayaje menm lè a non. Ou konnen, m te blije tann detwa senmenn anvan m te resi sanble lajan vwayaj la. Se sa k fè gen moun ki di genlè konpè Dye te deja mouri lè yo te vin ak li lopital la. Konsa, apre kèk tan, lè yo wè pèsonn moun pa parèt vin reklame kadav la, yo antere l tankou endijan.»

«Pandan m te Pòtoprens la, m te seye wè si m pa ta ka jwenn travay wi. Men ou konnen, se pa bagay ki fasil. Si m te gen kote pou m rete, sa pa ta pi mal non. Paske nan mache Kwabosal, si yon moun pa parese, gen bon demele wi. Se tout lajounen kizinyè ap antre sòti vin fè pwovizyon. Men pi gwo pwoblèm lan, se jwenn yon kote pou dòmi lè aswè rive. Se vre, m wè anpil moun demele yo dòmi anba galeri magazen yo. Men mwen menm, mwen pa kapab. M te seye fè sa wi. Men se bagay ki gen danje. Kè ou kase, marengwen nan kò ou, moun ap mache anwo ou. Sou kourant dezè dimaten, fredy gen pou l kokobe ou. Epitou, ou pa gen yon kote pou sere vye zafè ou. Vòlè menm pa bay chans lè dòmi pran ou. Lèfini, pi bon plas yo deja gen mèt, si ou pa vle nan pale anpil, se nan seren pou ou rete, pou lapli mouye ou.»

«Se sa k fè apre yon ti tan, m blije tounen vin viv nan vye kay konpè Dye te bati a. M fè yon bon ti tan

ap viv la. Se vre m te pou kont mwen, men m te gen bon vwazinay. Anpil nan moun yo te konnen konpè Dye, lè l te kanpe sou de pye l. Se sa k fè yo te ban m bon konkou. M te konn travay fè jaden pou yo. Lè y ap fè konbit, se mwen ki te konn reskonsab kanbiz pou yo.»

«Piti piti, ak ti lajan m te rive moute yon kòmès akasan. Se nan kafou kat chemen an m te chita pou m vann. Sa te konmanse mache byen. Gen de jou m te konn konmanse kwit akasan depi bajoukase. Rive sou kourant solèy fin moute, m te deja vann kat (4) chodyè akasan. Ou wè sa pa t pi mal.»

Jennonm lan di: «Bon lamè! Pase pou ou ap plede pran desepsyon nan mande charite, pa pito ou te kontinye fè travay akasan an?»

Melani reponn: «Abye pitit! Ou kwè se sa m ta vle?... Jan sa bèl lè yon moun ap travay fè lajan, okipe zafè l. Se pa nou ki chwazi, se sa nou jwenn nou pran. Pwovèb la di: ‘Se pozisyon ki fè aksyon.’ Se jòdi a m blije chita la a, se paske m pèdi pozisyon, m pèdi fil. Jòdi a, m pa menm gen kay pou m rete, alewè pou m ta gen kòmès.»

«M pa t menm la lè siklòn lan pase. M te desann al achte mayi pou fè akasan. Kay la te fèmen, se moun nan vwazinay m te kite pou voye je pou mwen. Pandan m te nan mache a, sou kourant dizè, m tandè

tout moun yo ap plede di radyo bay nouvèl siklòn gen pou pase. Radyo di se pou tout moun antre lakay pa sòti. Lamem, tout moun konmanse ap kouri chache chemen kay yo. Menm lè a, m ranmase panyen m, m mete anwo tèt mwen epi m derape. M patko fè mwatye chemen lè lapli konmanse tonbe. Lamem, van konmanse soufle. Lè m wè se toutbonvre van vle pote m ale, m antre al kache anba yon tonnèl kote pwotestan yo konn fè legliz. Rive la, te gen kèk lòt moun ki te vin pare van ansanm ak mwen. Se konsa, nou fè tout lannwit la ap veye wè kilè kout tan an ap pase. Se jouk nan denmen maten, lè nou sòti anba tonnèl la, nou wè ki kalite dega van an te fè. Se pa ti mizè m pase anvan m rive lakay. Dènye pyebwa krabinen bouche wout la. Kouran lavalas menm prèt pou bwote ou al jete larivyè. Depi nan chemen an m te deja konnen pa t gen yon kay nan katye a ki te rete kanpe.»

«M pa sove anyen, tout bagay pèdi nèt. Jan ou wè m lan, se konsa m ye. Rad ki sou mwen an, se li ase m genyen. Ou wè m vin la a, se pa renmen m ta renmen mande. Men se paske m gen de (2) jou depi m pa manje. Ou tande ak de (2) zòrèy ou jan ti medam yo pase m nan betiz. Si ou pa t la a, m pa konn sa m ta fè!... Adye pitit!... Pwovèb la konnen poukisa l di: ‘Wòch nan dlo pa konn doulè wòch nan solèy’.»

KÈSYON

Reponn an kreyòl:

CHAPIT 1

1. Èske nou konnen poukisa Melani pa t kapab jwenn yon lasistans apre siklòn David?
2. Lè malerèz la leve jou vennsenk desanm sa a, depi kilè li pa te manje?
3. Poukisa li deside fè yon pase devan legliz la?
4. Kisa li wè lè l rive devan legliz la?
5. Kisa Melani mande bèl madmwazèl la?
6. Epi kisa madmwazèl sa a reponn li?
7. Kisa jenn gason ki te chita a fè pou Melani?
8. Ki pwovèb jenn gason an site?

CHAPIT 2

1. Ki kòmès Melani te gen yon lè?
2. Kisa manman Melani te konn fè pou gwo moun lavil?
3. Ki kalite rad li te konn lave?
4. Ki lòt travay manman li te konn fè?
5. Ki kalite rekòt papa li te konn fè?
6. Poukisa yo te pran tè yo nan men papa l'?
7. Kisa ou konnen sou kòn kabrit?
8. Poukisa yo pa te janm voye Melani lekòl?

CHAPIT 3

1. Sa k pase tonton Melani an nan Panyòl?
2. Lè Melani te larivyè, poukisa li te bezwen «yon bon pwochen»?
3. Poukisa Dyelifèt t ap bati yon gwo kay?
4. Lè Melani aprann sa, kisa li di?
5. Ki laj Melani te gen lè sa a?
6. Kounyeya, ki travay Melani ap fè?
7. Kisa sa ye, yon «konbit»?
8. Poukisa pita li konmanse gen tèt chaje?

CHAPIT 4

1. Ki lavi Melani ak Dye te mennen lè yo fèk antre nan kay ansanm?
2. Pandan Dye t ap travay nan de (2) jaden yo, kisa Melani menm t ap fè?
3. Kisa yon «fanm saj» fè?
4. Ki trètman espesyal Melani te swiv? Ou kwè li bon?
5. Kijan yo te rele de (2) premye timoun yo?
6. Lè lagè te rive, ki chanjman ki te gen nan peyi a?
7. Ak ki bagay yo te sèvi pou fè yon «wayal èfòs»?
8. Ki bò Melani ak Dye te ale apre yo te dwè renmèt tè basrak la?

CHAPIT 5

1. Konbe timoun Melani ak Dye gen kounyeya? Kijan yo rele?
2. Ki travay Melani blije fè pou degaje li? Travay sa a fasil?
3. Epi konpè Dye, ki kalite travay li te blije pati al fè?
4. Èske Melani te kontan lè l vin ansent yon katriyèm fwa? Esplike.
5. Kisa sa ye, metòd Lobak?
6. Kisa ou konnen sou lekòl kote yo voye Oradye?
7. Poukisa yo pa voye Ti Meme lekòl?
8. Konsa, ki travay Ti Meme te konn fè tout lajounen? Kisa li te aprann?

CHAPIT 6

1. Poukisa Melani kwè se ta yon bon bagay pou Ti Meme si l mete l rete ak yon fanmi lavil?
2. Kijan Melani te vin konnen sa Ti Meme t ap fè vrèman?
3. Poukisa Dye te blije chache yon lòt travay?
4. Ki lòt travay li te jwenn?
5. Kisa sa ye, yon «mawoule»?
6. Poukisa konpè Dye pa janm tounen lakay ak lajan an kach?
7. Konsa, kisa Melani t ap vann?
8. Kisa yo fè lè yo vann yon kochon?

CHAPIT 7

1. Poukisa Sentaniz te mouri?
2. Kijan yo te antere li?
3. Ki travay Dye ak Melani ap fè kounyeya?
4. Poukisa yo pa t janm voye dènye ti gason an lekòl?
5. Men Oradye, kisa li te fè lekòl?
6. Ki kote yo deside voye Oradye apre sa a?
7. Poukisa li pa t resi ale lise lavil?
8. Rakonte kisa siklòn Azèl te fè.

CHAPIT 8

1. Poukisa Melani di: «Lè ti poul twò ge, malfini pran l»??
2. Apre Ti Meme te fin akouche, poukisa li te rete «yon men devan yon men dèyè»??
3. Kisa ki te rive Ti Meme pou konmanse lè l desann al chache travay lavil?
4. Kisa Ti Meme te fè apre l te kite chofè a?
5. Kijan Ti Meme te mouri?
6. Epi pitit gason Ti Meme a, kisa li te vin tounen nan lavi?
7. Lè Oradye te kite lekòl, ki bò li te ale?
8. Epi manman l, kisa li te fè?

CHAPIT 9

1. Poukisa Oradye gen pwoblèm ak chèf katye a?
2. Ki lòt bagay Oradye pa te fè yon jou ki ba li pwoblèm?
3. Èske se vre se kamoken li ye?
4. Ki kote Oradye te ale?
5. Tout bagay bon nèt pou li lè l rive la?
6. Epi ki bò Ti Dye te ale?
7. Men Batis, sa l tounen?
8. Ki malè ki te rive konpè Dye?

CHAPIT 10

1. Poukisa Melani di kè l pa poze?
2. Poukisa li te gen pwoblèm lè l t al lopital Pòtoprens chache konpè Dye?
3. Kisa ki pi gwo pwoblèm pou moun ki ta vle travay nan mache Kwabosal? Poukisa?
4. Apre Melani te tounen nan vye kay li a, ki kalite kòmès li te rive moute?
5. Lè yo te bay nouvèl siklòn gen pou pase, ki bò Melani te ye? Kisa li t ap fè?
6. Ki kote li te ale pou pare van?
7. Nan denmen maten, kisa Melani te jwenn?
8. Kisa li te rive sove apre siklòn lan?
9. Poukisa li di: «Wòch nan dlo pa konnen doulè wòch nan solèy»?

University of Kansas Libraries



3 3838 101479317